

APLIKASYON APÈL EKSTÈN ETA NEW YORK

Ranpli epi voye aplikasyon sa a nan yon delè 4 mwa apre desizyon final defavorab plan an pran osijè sèvis sante, si ou se pasyan an oswa yon reprezantan pasyan an, oswa voye l nan yon delè 60 jou si ou se yon pwofesyonèl lasante k ap fè apèl bay DFS onon tèt pa w.

Voye kourye bay: New York State Department of Financial Services, PO Box 7209, Albany NY, 12224-0209
oswa fakse l nan: (800) 332-2729. Pou jwenn asistans rele (800) 400-8882 oswa voye imel bay
externalappealquestions@dfs.ny.gov.

| | | | |
|--|---|------------------------------|------------------------------------|
| 1. Non moun k ap fè demann lan: | | | |
| 2. Non pasyan an: | | | |
| 3. Adrès pasyan an: | Ri: | | |
| | Vil: | Eta: | Kòd Zip: |
| 4. Nimewo telefòn pasyan an: | Prensipal: () | | Dezyèm: () |
| 5. Adrès imel pasyan an: | | | |
| 6. Plan sante pasyan an: | | | ID #: |
| 7. Doktè pasyan an / moun ki ba li preskripsyon: | | | |
| 8. Adrès doktè / moun ki bay preskripsyon an: | Ri: | | |
| | Vil: | Eta: | Kòd Zip: |
| 9. # telefòn doktè / moun ki bay preskripsyon an: | () | Faks: | () |
| 10. Si pasyan an gen yon Medicaid Managed Care Plan, èske pasyan an mande yon odyans san patipri atravè Medicaid oswa resevwa yon desizyon odyans san patipri? | <input type="checkbox"/> Wi | <input type="checkbox"/> Non | <input type="checkbox"/> Pa konnen |
| 11. Fèt pou ranpli si moun k ap mande a se reprezantan pasyan an | | | |
| Ranpli seksyon sa sèlman si yon reprezantan ap fè apèl sa a onon pasyan an. Si pwofesyonèl lasante ki pran ka pasyan an se reprezantan an, konplete seksyon 14 alapas seksyon sa a. | | | |
| Non reprezantan an: | | | |
| Relasyon l ak pasyan an: | | | |
| Adrès: | Ri: | | |
| | Vil: | Eta: | Kòd Zip: |
| Nimewo telefòn: | () | Faks: | () |
| Adrès imel reprezantan an: | | | |
| 12. Rezon pou Refi Plan Sante a (tcheke sèlman youn epi ajoute yon atestasyon doktè ranpli pou tout apèl espedye yo ak tout rezon refi yo alesepsyon rezon ki Pa Nesesè Opwendevi Medikal): | | | |
| <input type="checkbox"/> Pa nesèsè opwendevi medikal | <input type="checkbox"/> Pou eksperyans/ investigasyon pou yon esè klinik | | |
| <input type="checkbox"/> Pou eksperyans/ investigasyon | <input type="checkbox"/> Pou eksperyans/ investigasyon pou yon maladi ki ra | | |
| <input type="checkbox"/> Andeyò rezo e plan sante a te pwopoze yon lòt sèvis nan rezo | <input type="checkbox"/> Rekòmandasyon pou swen andeyò rezo | | |
| <input type="checkbox"/> Esepsyon Fòmilè (pou kouvèti pou endividi oswa gwoup piti, apa Medicaid oswa Child Health Plus) | | | |

| | | | |
|---|--|--|----------|
| 13. Yo gen dwa akselere apèl sa a. Desizyon akselere fèt nan delè ki dekri anba a, menm lè pasyan an, doktè a, oswa pwofesyonèl lasante ki bay preskripsyon an, pa bay enfòmasyon medikal nesèsè bay ajan apèl ekstèn lan. | | | |
| Si l akselere, tcheke youn: | <input type="checkbox"/> Apèl akselere (72 èdtan). Refi an konsènen yon admisyon, disponiblite swen, ospitalizasyon, oswa sèvis swen sante kote pasyan te resevwa sèvis ijans epi l ospitalize. | | |
| | <input type="checkbox"/> Apèl akselere (72 èdtan). Yon delè 30 jou t ap mete tèt anba lavi, sante oswa kapasite pasyan an pou l rejwenn fonksyonman maksimòm li, oswa yon reta t ap mete yon menas imedyat oswa grav sou sante pasyan an, epi doktè pasyan an ap ranpli Atestasyon Doktè a epi voye li nan Depatman Sèvis Finans. | | |
| | <input type="checkbox"/> Eksepsyon Fòmilè Akselere (24 èdtan). Pasyan an soufri yon kondisyon sante ki gen dwa mete tèt anba lavi, sante oswa kapasite pasyan an pou l rejwenn fonksyonman maksimòm li, oswa pasyan an ap suiv yon tretman avèk yon medikaman ki pa nan fòmilè an, epi doktè, oswa lòt pwofesyonèl lasante k ap bay pasyan an preskripsyon an, ap ranpli Atestasyon Doktè a epi voye li nan Depatman Sèvis Finans. | | |
| Si li Estanda, Tcheke youn: | <input type="checkbox"/> Eksepsyon Fòmilè Estanda Akselere (72 èdtan) | <input type="checkbox"/> Apèl Estanda pou tout lòt apèl (30 jou) | |
| *** Si li akselere, ou dwe rele 888-990-3991 lè ou fakse aplikasyon an*** | | | |
| 14. Fèt pou ranpli si moun k ap mande a se pwofesyonèl lasante k ap pran ka pasyan an | | | |
| Pwofesyonèl lasante gen dwa pou fè yon apèl ekstèn nan ka yon desizyon final defavorab konkomitan oswa byen anvan sa. Founisè k ap fè apèl onon tèt yo oswa kòm reprezantan yon pasyan dwe ranpli seksyon sa a. Premye refi ak desizyon final defavorab la apati premye nivo apèl la fèt pou l nan anvlòp la. | | | |
| <input type="checkbox"/> Pwofesyonèl lasante k ap fè apèl onon tèt li | <input type="checkbox"/> Pwofesyonèl lasante k ap fè apèl kòm reprezantan pasyan | | |
| Non pwofesyonèl lasante a: | | | |
| Moun oswa antrepriz ki reprezante pwofesyonèl lasante a (si sa aplikab): | | | |
| Moun pou kontakte pou korespondans: | | | |
| Adrès pou korespondans: | Ri: | | |
| | Vil: | Eta: | Kòd Zip: |
| Nimewo telefòn: | () | Faks: | () |
| Adrès imel: | | | |
| Mwen sètifye enfòmasyon ki nan aplikasyon sa yo vrè epi kòrèk dapre tout sa m konnen. Mwen dakò pou m pa reklame ranbousman pou sèvis la nan men pasyan an si ajan apèl ekstèn lan kenbe yon refi konkomitan, sof si se pou resevwa yon kopeman, ko-asirans oswa dediktib. Si mwen fè apèl yon refi konkomitan onon pa mwen, pa kòm reprezantan pasyan an, mwen dakò pou m peye tout frè ajan apèl ekstèn lan si yo kenbe refi konkomitan plan sante a, oswa pou m peye mwaye nan frè ajan an si yo kenbe mòso nan refi konkomitan an. Mwen dakò pou m pa kòmanse yon poustit legal kont ajan apèl ekstèn lan pou analize desizyon ajan an; asavwa, sepandan, sa p ap limite dwa m pou pran yon aksyon kont ajan apèl ekstèn lan pou dega ki fèt ak movèz fwa oswa neglijan grav, oswa pou fè yon aksyon kont plan sante a. | | | |
| Siyati Pwofesyonèl lasante a: | | | |

15. Deskripsyon ak dat sèvis: (Ajoute tout lòt enfòmasyon ou vle yo konsidere):

16. Kalifikasyon apèl ekstèn (Tcheke youn):

- W ap jwenn nan anvlòp la desizyon final defaborab plan sante a.
- W ap jwenn nan anvlòp la lèt plan sante a ki renonse ak yon apèl entèn.
- Pasyan an mande apèl entèn akselere anmenm tan li mande yon apèl ekstèn.
- Plan sante a pa respekte kondisyon apèl entèn pou apèl pasyan.

17. Frè apèl estèn

Ou dwe mete nan anvlòp la yon chèk oswa yon money order ki fèt sou non plan sante a si plan sante a mande sa. Si apèl la deside an favè w, y ap tounen frè a ba ou.

Tanpri tcheke youn:

- W ap jwenn nan anvlòp la yon chèk oswa yon "money order" sou non plan sante a.
- Yo te fakse aplikasyon an epi frè yo pral ale pa lapòs nan Depatman an nan 3 jou.
- Pasyan an gen kouvèti Medicaid oswa Child Health Plus.
- Pasyan an mande eliminasyon frè poutèt pwoblèm ekonomik epi ap pote pyès jistifikatif bay plan sante a.
- Plan sante a pa chaje yon frè pou yon apèl ekstèn oswa pa gen frè pou peye.

KONSANTMAN PASYAN AN POU YO METE DEYÒ DOSYE APÈL EKSTÈN ETA NEW YORK

Pasyan, reprezantan pasyan, ak pwofesyonèl lasante ki pran ka pasyan an gen dwa pou fè apèl ekstèn pou sèten desizyon defavorab plan sante a te pran.

Lè yon apèl ekstèn fèt, yon konsantman pou mete deyò dosye medikal, ki pote siyati pasyan ak dat li siyen an, nesèsè.

Yon ajan apèl ekstèn Depatman Sèvis Finans Eta New York asiyen pral itilize konsantman sa pou jwenn enfòmasyon medikal nan plan sante pasyan an epi nan men pwofesyonèl lasante. Y ap bay non ak adrès ajan apèl ekstèn lan ansanm ak demann pou enfòmasyon medikal yo.

Mwen otorize plan sante m ak founisè m pou mete deyò dosye medikal oswa dosye tretman enpòtan ki gen pou wè ak apèl ekstèn lan, tankou tout enfòmasyon ki gen pou wè ak VIH, enfòmasyon sou tretman sante mantal, oswa enfòmasyon sou tretman pou konsomasyon alkòl/dwòg, bay ajan apèl ekstèn la. Li klè pou mwen ajan apèl ekstèn lan ap itilize enfòmasyon sa yo sèlman pou pran yon desizyon sou apèl la epi enfòmasyon yo ap rete konfidansyèl e pap soti deyò bay lòt moun. Enfòmasyon sa yo k ap soti deyò valab pou yon lane. Mwen ka anile konsantman mwen an nenpòt kilè, eksepte nan ka yo pran aksyon sou baz li, ak yon lèt m ap ekri bay New York State Department of Financial Services. Li klè pou mwen plan sante m lan pa kapab mete kondisyon sou tretman, enskripsyon, kalifikasyon, oswa peman paske m siyen fòmilè sa. Mwen rekonèt desizyon ajan apèl ekstèn lan gen fòs kontreyan. Mwen dakò pou m pa kòmanse yon pousuit legal kont ajan apèl ekstèn lan pou analize desizyon ajan an; asavwa, sepandan, sa p ap limite dwa m pou fè aksyon kont ajan apèl ekstèn lan pou dega pou movèz fwa oswa neglijan flagran, oswa pou fè yon aksyon kont plan sante m.

Si pasyan an oswa reprezantan pasyan an depoze aplikasyon sa a, lè l siyen Konsantman Pasyan an pou Mete Deyò Dosye pou Apèl Ekstèn Eta New York, pasyan sètifye enfòmasyon yo te bay nan aplikasyon sa vre epi kòrèk selon tou sa li konnen.

Siyati pasyan an obligatwa anba la. Si pasyan an se yon minè, dokiman an dwe pote siyati paran l oswa gadyen legal li. Si pasyan an mouri dokiman an dwe gen siyati mandatè l pou swen sante oswa egzèkitè testaman l. Si l pote siyati yon gadyen, mandatè, mandatè pou swen sante l, oswa egzèkitè l, yon kopi pyès jistifikatif legal la dwe ladann.

| | | | |
|---|--|------|--|
| Siyati: | | | |
| Non ak lèt detache: | | | |
| Relasyon l ak pasyan an, si sa aplikab: | | | |
| Non pasyan an: | | Laj: | |
| #ID Plan Sante Pasyan an: | | | |
| Dat: (obligatwa) | | | |

ATESTASYON DOKTÈ POU YON APÈL EKSTÈN

Doktè pasyan an dwe ranpli atestasyon sa pou tout refi sèvis plan sante kòm sa pou eksperyans/envestigasyon; yon esè klinik; yon maladi ra; andeyò rezo; oswa pou yon apèl akselere. Pwofesyonèl lasante k ap preskri medikaman bay pasyan an gen dwa mande tou yon apèl pou eksepsyon fòmilè. Depatman Sèvis Finans lan oswa ajan apèl ekstèn lan ka bezwen mande lòt enfòmasyon nan men w, tankou dosye medikal pasyan an. Enfòmasyon sa yo dwe bay san pèdi tan.

Voye kourye bay: New York State Department of Financial Services, PO Box 7209, Albany NY, 12224-0209
oswa fakse l nan: (800) 332-2729.

| | | |
|---------------------------------|---|---|
| Kalite revizyon yo mande: | <input type="checkbox"/> Apèl Estanda (30 jou), oswa pou yon medikaman ki pa fòmilè (72 èdtan) | <input type="checkbox"/> Apèl Akselere (72 èdtan), oswa pou yon medikaman ki pa fòmilè (24 èdtan) |
| Si l akselere, tcheke youn: | <input type="checkbox"/> Apèl akselere (72 èdtan). Refi an konsènen yon admisyon, disponiblite swen, ospitalizasyon, oswa sèvis swen sante kote pasyan te resevwa sèvis ijans epi l ospitalize. <input type="checkbox"/> Apèl akselere (72 èdtan). Yon delè 30 jou t ap mete tèt anba lavi, sante oswa kapasite pasyan an pou l rejwenn fonksyonman maksimòm li, oswa yon reta t ap mete yon menas imedyat oswa grav sou sante pasyan an. <input type="checkbox"/> Eksepsyon Fòmilè Akselere (24 èdtan). Pasyan an soufri yon kondisyon sante ki gen dwa mete tèt anba lavi, sante oswa kapasite pasyan an pou l rejwenn fonksyonman maksimòm li, oswa l ap suiv yon tretman avèk yon medikaman ki pa fòmilè. | |
| Si li Akselere, konplete toude: | <input type="checkbox"/> Mwen konnen ajan apèl ekstèn lan ka bezwen kontakte m pandan jou ferye pou enfòmasyon medikal, tankou dosye medikal, epi yon ajan apèl ekstèn ap pran yon desizyon nan 72 èdtan (oswa 24 èdtan pou yon medikaman ki pa fòmilè) apre li resevwa demann apèl akselere sa, kit mwen founi oswa pa founi enfòmasyon medikal oswa dosye medikal bay ajan apèl ekstèn la. | |
| | Nan jou ferye, ou ka jwenn mwen nan: () | |

- Pou yon **apèl akselere**, doktè pasyan an, oswa pou yon medikaman ki pa fòmilè, doktè k ap preskri medikaman an oswa lòt pwofesyonèl lasante k ap preskri medikaman, dwe konplete kaz anba a epi pwen **14. Ou dwe voye enfòmasyon bay ajan an san pèdi tan pou yo ka konsidere yo.**
- Pou yon refi pou **eksperyans/envestigasyon** (ki pa yon esè klinik oswa tretman maladi ra), doktè pasyan an dwe ranpli pwen **1-10 ak 14.**
- Pou yon refi **esè klinik**, doktè pasyan an dwe ranpli pwen **1-9, 11 ak 14.**
- Pou yon refi **sèvis andeyò rezo** (plan sante a ofri yon lòt sèvis nan rezo ki pa diferan sou plan materyèl ak sèvis rezo andeyò a), doktè pasyan an dwe ranpli pwen **1-10 ak 14.**
- Pou yon refi **rekòmandasyon pou swen andeyò rezo** (plan sante a pa gen yon founisè nan rezo ki gen fòmasyon ak eksperyans nesèsè pou satisfè bezwen swen sante pasyan), doktè pasyan an dwe ranpli pwen **1 - 9, 13 ak 14.**
- Pou yon refi **maladi ra**, yon doktè, ki pa doktè tretan, dwe ranpli pwen **1-9, 12 ak 14.**

1. Non doktè (oswa moun ki bay preskripsyon an) ki ranpli fòm sa a:

Pou fè apèl nan ka yon eksperyans/envestigasyon, esè klinik, sèvis andeyò rezo oswa refi rekòmandasyon andeyò rezo, doktè a dwe gen yon lisans ak sètifika konsèy oswa gen asepsasyon konsèy la epi kalifye pou l pratike nan zòn pratik ki nesèsè a pou trete pasyan an. Pou yon apèl maladi ra, yon doktè dwe respekte kondisyon ki pi wo yo men fòk li pa doktè tretan pasyan.

| | | | |
|---|---|-------|----------|
| 2. Adrès doktè (moun ki bay preskripsyon an): | Ri: | | |
| | Vil: | Eta: | Kòd Zip: |
| 3. Moun pou kontakte: | | | |
| 4. Nimewo telefòn: | () | Faks: | () |
| 5. Imel doktè / moun ki bay preskripsyon an: | | | |
| 6. Non pasyan an: | | | |
| 7. Adrès pasyan an: | | | |
| 8. Nimewo telefòn pasyan an: | | | |
| 9. Non ak Nimewo ID Plan Sante pasyan an: | | | |
| 10. Refi pou eksperyans/envestigasyon oswa Refi Sèvis Andeyò Rezo (Ranpli seksyon sa pou refi eksperyans/envestigasyon oswa yon refi sèvis andeyò rezo sèlman. PA ranpli pwen sa a pou apèl refi patisipasyon nan esè klinik, maladi ra, oswa rekòmandasyon andeyò rezo.) | | | |
| a. Pou yon Refi pou Eksperyans/Envestigasyon: | | | |
| Antanke doktè pasyan an mwen sètifye (chwazi youn san w pa fè chanjman): | | | |
| OSWA | <input type="checkbox"/> Sèvis sante nòmal pa bay rezilta oswa pa t ap bon sou plan medikal. | | |
| | <input type="checkbox"/> Kote sa pa gen yon sèvis oswa pwosedi sante nòmal ki bay plis avantaj ki asire nan plan sante a. | | |
| EPI | <input type="checkbox"/> Mwen te rekòmande yon sèvis sante oswa pwodui famasetik ki, sou baz de dokiman prèv medikal ak syantifik annapre yo, ki dekri nan c ak d apre la , sanble nan plis avantaj pasyan an pase tout sèvis sante nòmal ki asire. | | |
| | | | |
| b. Pou yon refi sèvis andeyò rezo | | | |
| <input type="checkbox"/> Antanke doktè pasyan an, mwen konfime sèvis sante andeyò rezo annapre a (identifye sèvis la): | | | |
| Diferan sou plan materyèl ak lòt sèvis sante nan rezo plan sante a rekòmande (sou baz de dokiman prèv medikal ak syantifik annapre yo) sanble bay plis avantaj sou plan klinik pase lòt sèvis sante nan rezo ak ris negatif pou sèvis sante yo mande yo pa ta ogmante yon mannyè enpòtan sou lòt sèvis sante nan rezo a. | | | |
| c. Fè lis dokiman ou baze sou yo a epi ajoute yon kopi dokiman yo: | | | |
| Tit dokiman #1: | | | |
| Non piblikasyon an: | Nimewo piblikasyon an: | Dat: | |
| Tit dokiman #2: | | | |
| Non piblikasyon an: | Nimewo piblikasyon an: | Dat: | |

| d. Pyès jistifikatif | | |
|--|--|--|
| Prèv medikal ak syantifik ki nan lis pi wo a reponn ak kritè annapre yo (Remake: literati komite te revize pa gen ladann piblikasyon oswa sipleman ki benefisye sipò lajan yon konpayi pwodi famasetik oswa yon fabrikan ekipman medikal.) | | Tcheke dokiman ki aplikab yo: |
| <input type="checkbox"/> | Literati medikal komite te analize, tankou literati ki gen pou wè ak terapi yon konsèy revizyon enstitisyonèl te analize epi apwouve, koleksyon byomedikal ak lòt literati medikal ki reponn ak kritè National Institute of Health's National Library of Medicine for indexing in Index Medicus, Excerpta Medicus, Medline ak MEDLARS database Health Services Technology Assessment Research; | <input type="checkbox"/> Dokiman #1 <input type="checkbox"/> Dokiman #2 |
| <input type="checkbox"/> | Etid syantifik yon komite espè te analize, ki te pibliye oswa asepte pou piblikasyon nan jounal medikal, ki respekte kondisyon rekoni sou plan nasyonal pou maniskri syantifik epi ki prezante pi fò atik yo pibliye yo pou analiz ekspè ki pa fè pati staf editoriyal la; | <input type="checkbox"/> Dokiman #1 <input type="checkbox"/> Dokiman #2 |
| <input type="checkbox"/> | Refleksyon komite te analize ki te jwenn aseptasyon pou prezantasyon nan gwo reyinyon asosyasyon medikal; | <input type="checkbox"/> Dokiman #1 <input type="checkbox"/> Dokiman #2 |
| <input type="checkbox"/> | Jounal medikal ki gen rekonesans Sekretè Sante ak Sèvis Imen, dapre Seksyon 1861(t)(2) Lwa federal sou Sekirite Sosyal la; | <input type="checkbox"/> Dokiman #1 <input type="checkbox"/> Dokiman #2 |
| <input type="checkbox"/> | Koleksyon referans estanda annapre a: (i) American Hospital Formulary Service Drug Information; (ii) National Comprehensive Cancer Network's Drugs and Biological Compendium; (iii) American Dental Association Accepted Dental Therapeutics; (iv) Thomson Micromedex DrugDex; oswa (v) Elsevier Gold Standard's Clinical Pharmacology; oswa lòt koleksyon jan Sekretè Sante ak Sèvis Imen an idantifye l oswa Centers for Medicare & Medicaid Services; oswa jan atik revizyon oswa kòmantè editoriyal te rekòmande nan yon jounal pwofesyonèl ki pase anba analiz yon komite espè; | <input type="checkbox"/> Dokiman #1 <input type="checkbox"/> Dokiman #2 |
| <input type="checkbox"/> | Dekouvèt, etid, oswa rechèch ki fèt pa oswa anba otorite ajans gouvènmantral ak enstiti rechèch federal ki rekoni sou plan nasyonal tankou ajans federal Agency for Health Care Policy and Research, National Institutes of Health, National Cancer Institute, National Academy of Sciences, Health Care Financing Administration, Congressional Office of Technology Assessment, ak tout konsèy nasyonal ki gen rekonesans Enstiti Nasyonal Sante yo pou yo ka evalye valè medikal sèvis sante. | <input type="checkbox"/> Dokiman #1 <input type="checkbox"/> Dokiman #2 |
| 11. Refi esè klinik | | |
| <input type="checkbox"/> | Kote sa gen yon esè klinik ki louvri epi kote pasyan kalifye, asepte oswa gen chans pou yo asepte l. | |
| Menm lè yo pa mande sa, li ta bon pou voye tou pwotokòl esè klinik ak enfòmasyon ki gen pou wè ak sa. Esè klinik lan fèt pou l se yon plan detid yon komite espè analize: (1) yon konsèy revizyon enstitisyonèl kalifye te analize l epi apwouve l, epi (2) youn nan National Institutes of Health (Enstiti Nasyonal Sante, NHI) yo, oswa yon gwoup oswa sant koperativ NIH, oswa Food and Drug Administrasyon an te apwouve l sou fòm yon egzanpsyon nouvo medikaman pou envestigasyon, oswa Depatman Zafè Veteran federal la oswa yon antite rechèch non gouvènmantral kalifye jan yo idantifye nan liy direktiv ki soti nan NIH Institutes for Center Support Grants endividyèl, oswa yon konsèy revizyon enstitisyonèl yon sant ki gen yon asirans pwojè miltip ki gen apwobasyon Office of Protection from Research Risks NIH la. | | |

| | | | |
|--|--|------|--|
| 12. Refi tretman maladi ra | | | |
| Si bay sèvis la mande pou yon Konsèy Revizyon Enstitisyonèl dakò, ajoute oswa tache apwobasyon an tou. | | | |
| <input type="checkbox"/> | Antanke doktè, ki pa doktè tretan pasyan, mwen ateste pasyan an gen yon pwoblèm sante oswa maladi ra ki pa gen tretman estanda k ap bay pasyan plis avantaj sou plan klinik pase sèvis yo mande a. Sèvis yo mande gen chans pou l benefisye pasyan an nan tretman maladi ra pasyan an, epi avantaj sa a plis pase risk sèvis la. | | |
| <input type="checkbox"/> Mwen genyen <input type="checkbox"/> Mwen pa genyen yon relasyon materyèl oswa pwofesyonèl ak pwofesyonèl lasante ki bay sèvis la (tcheke youn). | | | |
| Tcheke youn: | <input type="checkbox"/> Maladi ra pasyan an genyen pou kounye a oswa te gen anvan te sibi yon etid rechèch nan Enstiti Nasyonal Rezo Rechèch Klinik Sante sou Maladi Ra yo. | | |
| | <input type="checkbox"/> Maladi ra pasyan an afekte mwens pase 200,000 moun nan peyi Etazini chak ane. | | |
| 13. Refi rekòmandasyon pou swen andeyò rezo | | | |
| Antanke doktè tretan pasyan an, mwen sètifye pwofesyonèl lasante nan rezo yo ki te gen rekòmandasyon plan sante a pa gen fòmasyon ak eksperyans nesèsè pou satisfè bezwen swen sante espesifik pou pasyan an. Mwen rekòmande pwofesyonèl andeyò rezo non l ekri anba la, ki gen fòmasyon ak eksperyans nesèsè pou satisfè bezwen swen sante espesifik pou pasyan an epi ki kapab founi sèvis sante y ap mande a. | | | |
| Non pwofesyonèl lasante andeyò rezo a: | | | |
| Adrès pwofesyonèl lasante andeyò rezo a: | | | |
| Fòmasyon ak esperyans pwofesyonèl lasante andeyò rezo a: (paregzanp, sètifika konsèy, plizyè lane ap trete maladi a, # pwosedi ki fèt ak rezilta, ak tout lòt enfòmasyon enpòtan). | | | |
| 14. Siyati doktè / moun ki bay preskripsyon an | | | |
| Mwen deklare enfòmasyon anlè a vre e kòrèk. Li klè pou mwen ke mwen ka sibi sanksyon disiplinè pwofesyonèl pou deklarasyon ki pa vre. | | | |
| Siyati doktè / moun ki bay preskripsyon an: | | Dat: | |
| Non doktè / moun ki bay preskripsyon an: (Byen ekri ak lèt detache): | | | |